

**NILAI KABUDAYAN ING SERAT ANGLINGDARMA ANGGITANE DURAHKEMAT  
TINTINGAN FILOLOGI**

**Wahyu Sayogya Rani, Dra. Suwarni, M.Pd.**

Pendidikan Bahasa dan Sastra Daerah (Jawa)

Fakultas Bahasa dan Seni

Universitas Negeri Surabaya

gijoz.star@gmail.com

**Abstrak**

Kasusastran Jawa minangka asil karya para pangripta sing medharake sakabehe kadadeyan ing masyarakat. Salah sawijine asil karya kasebut yaiku Serat Anglingdarma. Serat iki mujudake salah sawijine sastra Jawa lawas sing nduweni wujud naskah. Adhedhasar pangrembakane sastra Jawa, Serat iki kalebu asil karya saka sastra Jawa klasik. Serat iki minangka wakil karya sastra sing nggambarake nilai-nilai budaya Jawa. Mula saka iku, panliti milih serat iki kanggo panliten kanthi irah-irahan Nilai Budaya ing Serat Anglingdarma anggitane Durahkemat.

Adhedhasar andharan ing ndhuwur, underan panliten iki yaiku: (1) Kepriye deskripsine *Serat Anglingdarma?*, (2) Kepriye suntingan teks sajrone *Serat Anglingdarma?*, (3) Apa wae nilai-nilai kebudayaan sajrone *Serat Anglingdarma* sing bisa dadi tutunan ing urip bebrayan?. Dene tujuan panliten iki yaiku: (1) Ngandharake deskripsine *Serat Anglingdarma*, (2) Ngandharake suntingan teks sajrone *Serat Anglingdarma*, (3) Ngandharake nilai-nilai kebudayaan sajrone *Serat Anglingdarma* sing bisa dadi tutunan ing urip bebrayan?. Paedah saka panliten iki yaiku: (1) Kanggo panliti, muga bisa ngecakake kawruh sing wis disinaoni mligine ngenani filologi, (2) Kanggo para pamaos, panliten iki muga bisa didadekake dalan kanggo mangerteni kasusastran Jawa, (3) Kanggo para mahasiswa, muga panliten iki bisa dadi acuan pasinaonan ngenani kasusastran Jawa, (4) Kanggo pelajar sastra, panliten iki muga bisa didadekake sumber informasi kasusastran Jawa.

Panliten iki nggunakake teori filologi minangka salah Anggone nganalisi uga mbutuhake tafsiran yaiku teori hermeneutika. Kasusastran perlu ditapsirake jalaran nggunakake basa, amarga sajrone basa mau akeh banget makna sing sumimpen utawa sengaja disimpen. Panliti nggunakake metode deskriptif kualitatif. Nalikane nyunting teks nggunakake metode naskah tunggal kanthi nggunakake edisi diplomatik Konsep nilai-nilai budaya Jawa nggunakake pawase Djamaris. Sumber dhata sing digunakake ing panliten iki yaiku naskah lawas sing nduwe irah-irahan Serat Anglingdarma. Dhata ing panliten iki yaiku sakabehe tembung-tembung sing nduweni sesambungan karo nilai budaya Jawa.

Asil saka panliten iki ngandharake ngenani deskripsi naskah, suntingan teks, lan nilai-nilai budaya sing ana ing Serat Anglingdarma. Panyeratan serat iki bis dimangerteni kanthi gamblang, yaiku ing dinan Slasa pahing, tanggal 24, wayah nyerat jam 3 wengi. Dina iku lan wektu iku panulis sing nduwe asma Durahkemat miwiti nulis serat Anglingdarma Naskah iki ditulis nggunakake aksara Jawa, lan awujud tembang sing kawangun saka 21 pupuh, 604 pada lan 4866 gatra. Kahanan tulisan naskah ing *Serat Anglingdarma* isih cetha lan bisa kawaca kanthi gamblang tanpa ana tulisan sing mblobor. Seratan sing kurang bisa diwaca yaiku ing kaca 188. Nanging, basa lan tulisane isih bisa diwaca kanthi cetha. Kanggo ganti pupuh ana loro nganti papat tanda pangajapa, yen ganti pada ana sak tanda pangajapa.

Suntingan teks ditindakake kanthi mbenerake kaluputan nalika nyerat utawa njarwa teks. Suntingan teks ing panliten iki mung nggunakake 2 pada saka 21 pada lan jumlah tembung sing disunting ana 87 tembung. Tembung-tembung sing dianggep luput, banjur dibenerake ing aparat kritik. Sawise dibenerake, banjur diwenehi komentar. Sawise nindakake suntingan teks, panliti ngandharake lan nganalisis nilai-nilai budaya sing ana ing Serat Anglingdarma iki. Nilai-nilai budaya kaperang dadi lima yaiku: (1) nilai budaya sing nduweni sesambungan antara manungsa karo Gusti, (2) nilai budaya sing nduweni sesambungan antara maungsa karo alam, (3) nilai budaya sing nduweni sesambungan antara manungsa karo liyan, (4) nilai budaya sing nduweni sesambungan antara manungsa karo masyarakat, (5) nilai budaya sing nduweni sesambungan antara karo kaca benggala panguripane manungsa dhewe. Tembung Wigati: Serat Anglingdarma, Nilai Budaya Jawa.

**PURWAKA**

**Landhesane Panliten**

Sastra minangka karya sing tuwuh lan digunakake kanggo medharake sakkabehe babagan ngenani manungsa. Pirembukan babagan sastra Jawa, ora bisa pisah karo pawongan sing nuwuhake sastra iku, yaiku masyarakat Jawa. Sastra Jawa bisa dingerteni yaiku sastra sing tuwuh saka pamikiran kreatif masyarakat

Jawa. Sastra Jawa kalebu sastra Nusantara sing tuwa, tuwuh sastra Jawa sekitar abad IX lan X Masehi. Sastra Jawa nduweni panggonan istimewa karo karya sastra liyane ing jaman iku (Zoetmulder, 1983:8).

Kasusastran Jawa kaperang dadi papat yaiku sastra jawa kuna, sastra jawa pertengahan, sastra jawa klasik, lan sastra jawa modern. Kasusastran Jawa Kuna ditulis nggunakake basa Jawa Kuna sing awujud prosa lan kakawin kayata *Ramayana* lan kakawin

*Mahabharata*. Kasusastran Jawa Pertengahan awujud kidung lan gancaran, minangka karya sastra sing nggunakake basa Jawa pertengahan. Kasusastran Jawa pertengahan kayata *Pararaton* lan *Sudamala*. Kasusastran Jawa Klasik tuwuh kanthi tetenger nggunakake basa Jawa Anyar lan nduweni wujud tembang macapat. Wiwit runtuhe kerajaan Majapahit, sastra Jawa uwal ing pesisir lor pulo Jawa sing diarani Sastra Jawa pesisiran. Sastra Jawa ngrembaka ing lingkungan kraton jaman Surakarta sing dipandhegani dening pujangga dalem (Suwarni, 2009:4-8).

Serat Anglingdarma iki mujudake salah sawijine sastra Jawa lawas sing nduweni wujud naskah. Adhedhasar pangrembakane sastra Jawa, Serat iki kalebu asil karya saka sastra Jawa Klasik. Serat iki ditulis nggunakake aksara Jawa awujud tembang macapat sing jumlahe ana 21 pupuh. Seratan iki kagolong misuwur ing jamane, amarga ditemokake maneka warna naskah kanthi irah-irahan sing padha, nanging beda pangripta. Serat-serat iki nduwe irah-irahan Anglingdarma. Uga bisa sinebut *Serat Anglingdarma* jarwanane Durahmad. Serat iki kagolong *misterius* lan *unik* amarga serat iki kaya-kaya serat pesisiran, nanging isine serat kasebut nuduhake manungsa Jawa sadurunge jaman islam. Pupuh kaping pisan nyebutake “*Ingsun amiwiti amuji asebut asmanning Allah*”. Wiwitane pupuh lan pungkasan pupuh nggunakake tembang macapat Asmarandana. Bab-bab sing nuduhake ing *serat Anglingdarma* iki yaiku para dewa, para dewi, buta, kewan sing isa ngomong, isa ngrungokake suarane kewan, kewan sing bisa malih warna dadi manungsa, nduweni aji-aji lan pengasiyan, teluk lan sapanunggalane, kamangka pada kawiwitan ana saperangan nyebutake “*ingsun amiwiti amuji asebut asmane Allah*”. Babagan sing kaya ngene iki nggawe panliten penasaran lan pengin nggoleki luwih jero isi saka *Serat Anglingdarma*.

*Serat Anglingdarma* nduweni nilai-nilai sing luhur, salah sijine yaiku nilai budaya sing wis suwi narik kawigatene para panliti. Adhedhasar sing nuduhake ana ing ndhuwur, ing kalodhangan iki bakal ngonceki ngenani nilai-nilai budaya Jawa. Nilai-nilai budaya minangka piranti kanggo ngonceki perkara kapercayan lan pola pamikire masyarakat Jawa, kanthi luwih njero lan cetha. Panliten iki diajab nduweni paedah tumrap pamaos kanggo nambahi kawruh ngenani panguripan sosiale manungsa, mligine ngenani kapercayan marang adat-istiadate wong Jawa lan panguripane masyarakat. Kanggo miwiti panliten, panliti nggunakake tingingan filologi modern.

### Underane Panliten

Underane panliten miturut landhesane panliten:

- 1) Kepriye deskripsine *Serat Anglingdarma*?

- 2) Kepriye suntingan teks sajrone *Serat Anglingdarma*?
- 3) Apa wae nilai-nilai kebudayaan sajrone *Serat Anglingdarma* sing bisa dadi tutunan ing urip bebrayan?

### Tujuwane Panliten

Sing dadi tujuwane panliten iki yaiku:

- 1) Ngandharake deskripsine *Serat Anglingdarma*.
- 2) Ngandharake suntingan teks sajrone *Serat Anglingdarma*.
- 3) Ngandharake nilai-nilai kebudayaan sajrone *Serat Anglingdarma* sing bisa dadi tutunan ing urip bebrayan.

### Paedahe Panliten

Paedahe panliten iki yaiku:

- 1) Kanggo panliti, muga bisa ngecakake kawruh sing wis disinaoni mligine ngenani filologi.
- 2) Kanggo para pamaos, panliten iki muga bisa didadekake dalan kanggo mangerteni kasusastran Jawa.
- 3) Kanggo para mahasiswa, muga panliten iki bisa dadi acuan pasinaonan ngenani kasusastran Jawa.
- 4) Kanggo pelajaran sastra, panliten iki muga bisa didadekake sumber informasi kasusastran Jawa.

### TINTINGAN KAPUSTAKAN

#### Konsep Filologi

Filologi asale saka tembang latin, yaitu philos lan logos. Philos tegese “tresna (cinta)” lan logos tegese “tembung”. Dadi filologi kanthi harafiah nduweni tegese tresna marang tembung (Purnomo, 2007: 9). Babagan iku sing nyebabake filologi diwarnani kanthi tembung-tembung. Tembung-tembung iku mau ditimbang, dibenerake, dibandingake lan nuduhake isine saengga bisa cetha wujud lan tegese.

Laras karo pangrembakane jaman, filologi ora mung mujudake sawijining katresnan marang tembung, nanging banjur dadi tresna marang kawruh (*ilmu*). Filologi filologi ora mung ditunjukake marang teks, nanging uga kawruh ngenani apa wae kang wis dimangerteni manungsa. Filologi dikenal kanthi ilmu sing nduweni sambung raket karo karya lama arupa tulisan. *Studi* karya lama dilakokake amarga anane angepan yen karya sastra lama nduweni nilai-nilai sing *relevan* karo masa saiki. Karya sastra kuna minangka karya sastra jaman biyen sing nuwuhake pikiran, lan pangrasane manungsa.

Filologi minangka salah sawijine disiplin ilmu sing dinliti tulisan jaman biyen kanthi cara nilai-nilai luhur jaman biyen. Nilai-nilai ing jaman biyen minangka kebudayaan, utawa wujud pikiran lan pangrasane manungsa, mula iku filologi minangka disiplin ilmu sing isih gegayutan karo kabudayan jaman biyen utawa ilmu *humaniora* (Barried, 1994:2).

Tujuwan umum panliten filologi yaiku (1) ndhudhah karya sastra jaman biyen (2) ndhudhah

paedahe karya sastra kanggo para pamaos lan bebrayan kamangka kanggo jaman biyen lan saiki (3) ndhudhah nilai-nilai budaya jaman biyen. Tujuwan khusus panliten filologi yaiku (1) ndhudhah wujud asli teks ing karya sastra jaman biyen (2) ndhudhah sejarah pangrembakane teks (3) ndhudhah panyarune bebrayan ngenani teks (4) menehi kritik teks sing awujud suntingan.

### Naskah lan Teks

Naskah yaiku tembung *serapan* saka basa Arab. Filologi mbedakake antarane naskah lan teks, naskah yaiku panggonan teks-teks, teks yaiku isi naskah. Ing basa Inggris diarani *manuscript* (tulisan manungsa) dene ing basa Belanda diarani *handschrift* (tulisan tangan). Dadi naskah yaiku panggonan teks-teks kasebut ditulis. Naskah wujud kongkrit, nyata lan bisa dicekel (Sudardi, 2003:10).

Teks yaiku samubarang sing ana sajrone naskah, babagan sing ora nyata utawa abstrak sing mung bisa dibayangake wae (Barried, 1994:57). Purnomo (2007: 20) nuduhake yen sajrone paugeran filologi sing sinebut teks yaiku sakabehe wacan sing ana utawa tuwuh sajrone naskah. Bisa uga diarani yen teks minangka isine naskah.

Pigeaud (sajrone Purnomo, 2007: 29) nglompokake naskah ing Indonesia miturut jinise, yaiku (1) naskah epik kasatriyan, (2) naskah histografi tradisional, (3) naskah basa, (4) naskah genealogi manungsa lan raja-raja, (5) naskah filsafat lan folklor, (6) naskah religi-agama, (7) naskah mistik, (8) naskah etik lan didaktis, (9) naskah ngenani tata aturan lan norma ukum, (10) naskah obat-obatan, (11) naskah palintangan, (12) naskah nujum utawa pajangka, (13) naskah arsitektur tradisional.

### Deskripsi

Tata cara sing kaping pindho yaiku kanthi cara nuduhake isi naskah. Naskah sing wis dikumpulne nganggo metode deskriptif ngenani irah-irahan naskah, ukuran naskah, kahanan naskah, wektu panulisan, seratan naskah wujud naskah, pangripta naskah, sing nyimpen naskah, lan basa naskah (Djamaris, 1977: 12) nuduhake babagan sing kudu nuduhake sajrone gegambarane naskah yaiku: (1) Papan panggonan kanggo nyimpen naskah, (2) Nomer naskah (yen ana), (3) Pangripta naskah, (4) Bahan naskah (lontar, kulit, lsp.), (5) Ukuran naskah lan jumlahe kaca naskah, (6) Jumlah gatra saben kaca naskah, (7) Jinise tulisan, (8) Kahanane tulisan, (9) Kahanane naskah kanthi umum.

### Transliterasi

Transliterasi naskah minangka salah sawijine proses penyuntingan teks sing katulis nggunakake aksara jawa utawa aksara arab-melayu. Transliterasi ateges ngganti aksara siji mbaka sijine. Tujuwan transliterasi yaiku ngenalake teks teks kuna sing katulis nggunakake aksara sing ora dimangerteni karo bebrayan, kayata aksara pegon, aksara jawa, lsp. (Djamaris, 1977: 19).

Transliterasi kerep dipadhakake karo istilah liya yaiku transkripsi. Transkripsi yaiku ngganti utawa

nyalin teks kanthi ngowahi ejaan naskah. Bedane transliterasi karo transkripsi yaiku transkripsi ngganti utawa nyalin teks cundhuk karo ejaan sing bener, yen transliterasi yaiku nyalin teks kanthi apa anane sing ana ing naskah, ora cundhuk karo ejaan sing bener.

### Suntingan Teks, Aparat Kritik, lan Komentar

Suntingan teks mujudake pakaryan nyunting. Suntingan yaiku asil pakaryan nyunting utawa ngedit. Suntingan teks sing nuduhake mujudake asil transliterasi saka Serat Anglingsarma. Lelandhesane suntingan teks nuduhake perangan dhasar tembung lan tandha sing digunakake kanggo nyunting teks Anglingdarma. Lelandhesane suntingan teks ing antarane yaiku:

1. Aksara Murda digunakake kanggo miwiti ukara lan jeneng.
2. Tandha-tandha sing digunakake ing suntingan teks:
  - a. / digunakake kanggo tandha koma
  - b. [ ] digunakake kanggo tembung sing ora bisa diwaca amarga rusak
  - c. // digunakake kanggo mungkasi ukara
  - d. { } tembung ditulis luwih saka satembung ing panggonan sing runtut
  - e. Tandha garis ngisor \_\_\_\_\_ digunakake kanggo tembung sing bakal diwenehi komentar.

Aparat kritik tujuwane kanggo mangerteni wujud teks sing luput lan bener, adhedhasar makna sing kinandhut sajrone teks. Perangan sing nlisip saka paugeran iku nduweni sipat mekanik (tuwuh karana ora disengaja) ing salah sawijine golongan, pangrembakne ora bisa dipertanggungjawabake. Kaluputan mekanik akeh tuwuh nalika mutrani naskah (Purnomo, 2007:40). Adhedhasar anane kekeliruwan sing ditindakake dening penyalin anggone nyalin teks, mula perlu upaya kanggo mbenerake kekeliruwan teks mau. Upaya kanggo mbenerake penyimpanan utawa kekeliruwan anggone nyalin teks bisa ditindakake kanthi cara aparat kritik.

Komentar nduweni perang sing wigati sajrone nerbitake teks. Purnomo (2007:53) nuduhake, komentar nduweni paedah antarane yaiku:

- 1) Andharane penyuntingan nalika nindakake suntingan teks tuwuh rasa mamang ngenani naskah sing dujupuk, kena apa varian iku sing dipilih dudu varian liyane, lan sapanunggalane.
- 2) Andharan nalika sawayah-wayah tuwuh perangan teks sing kurang cetha, utawa anane sawenehe unsur kabudayaan sing ora lumrah utawa kurang kawentar, kepriye kudune unsur iku mau, lan sapanunggalane.

### Hermeneutika

Hermeneutika yaiku sawenehing Dewa Yunani sing ngirim pesen illahi marang manungsa (Ratna, 2004: 45). Hermeneutika saka tembung hermeneuin (Yunani) sing nduweni teges napsirake. Tafsiran kasebut kaandharake lumantar basa. kasastran perlu ditapsirake jalaran kasastran kadadayan saka basa, ing perangan liya sajrone basa akeh makna sing sumimpen utawa pancen sengaja disimpen.

Hermeneutika ora nengenanke tingingan makna sing paling bener, nanging nitingi makna paling optimal. Hermeneutika dianggep minangka sawijine metodhe ilmiah sing paling tuwa, amarga hermeneutika wis ana ing jaman Plato lan Aristoteles. Pengalamane manungsa sing nuduhake awujud basa sing angel dimangerteni dening para pamaca sabanjure, malah butuh ditapsirake kanthi cara bener.

### Struktur Teks

Analisis struktur sastra yaiku upaya kanggo nggoleki nilai eksplisit lan nyistematisake karya sastra (Teeuw, 1984:154). Unsur-unsur sing mangun karya sastra ora mung dianalisis siji mbaka siji, nanging uga dijlentrehake saben-saben unsur sing nduweni gegayutan karo nyawijine unsur, lan mbangun karya sastra sawutuhe. Kanthi kaya mangkono analisis ora mung nduweni tujuwan nuduhake unsur-unsure wae, nanging kanthi pamawas gegayutane unsur-unsur mau kanggo mujudake kautuhane makna.

Sawijine perangan ing karya sastra nduweni gegayutan karo perangan liyane sing ora bisa dipisahake, yen perangan-perangan kasebut dipisahake malah ndadekake salah anggone mangerteni makna karya sastra sakabehe. Nalika manungsa maca carita ora bakal uwal saka pitakon apa kekarepan pangripta nggawe salah sawijine reriptan. Apa sing ana sajrone reriptan kasebut lumrahe ora ditemtokake kanthi eksplisit nanging mbutuhake penafsiran. Penafsiran dhewe ora bakal ditemokake yen ora mangerteni sakabehe reriptan kasebut.

Tema disaring saka motif-motif sajrone kasusastran kasebut sing nemtokake kadadeyan-kadadeyan, konflik, lan kahanana tartamtu (Nurgiyantoro, 2005: 68). Gegayutan karo iku, tema bisa diarani nalení unsur-unsur liyane sing bisa nyengkuyung anane tema kasebut. Mula kanggo nemokake sawijine tema kudu bisa nyimpulake saka sakabehe crita ora mung adhedhasar ing perangan carita tartamtu. Sanajan tema angel anggone nggoleki nanging iki sing dadi undherane cawijine carita. Tema minangka makna pokok carita sing nyengkuyung kahanane carita.

### Konsep Budaya

Budaya asalé saka basa sansekerta yaiku *buddhahyah* nduwe teges budi utawa akal. Dadi kebudayaan minangka bab sing nduweni sesambungan karo budi utawa akal. Saliyane iku, ana sing nuduhake yen kabudayan iku asalé saka budi lan daya, mula saka iku budaya dibedakake saka kabudayan. Budaya nduwe teges minangka dayane akal arupa cipta, rasa lan karsa (Koentjaraningrat, 1990:181). Suparlan (1986: 155) nuduhake teges kabudayan yaiku manunggale kasatuwan lan panemu ing alam pamikire manungsa.

Yana (2010:11) nuduhake yen panguripan sosial lan budaya ing masyarakat Jawa iku, kawiwitan saka pakulinan uripe masyarakat ing jaman biyen sing isih tradhisional. Pakulinan kasebut banjur dadi titikan tumrap panguripane masyarakat Jawa ing jaman sabanjure. Herusatoto (2005:38) nuduhake yen

masyarakat Jawa kalebu salah sawijine manungsa sing kaiket tata krama ing masyarakat.

Masyarakat tradhisional uga bisa sinebut komunitas masyarakat ing sawijine wewengkon, sing nyawiji ing adat-istiadat. Komunitas masyarakat kasebut banjur urip ana ing masyarakat, sing wis diciptakake dening para leluhure. Komunitas masyarakat iku ora bakal wani ninggalake budayane sing wis turun temurun, amarga wedi ketaman bebendu kang wis ditetepake, lan dadi paukuman tumrap wong-wong sing ora nindakake lan ngléluri tradhisi kasebut (Yana, 2010:12).

### Nilai Kabudayan

Ora gampang nemtokake lan nuduhake apa sing ditegesi nilai. Nilai iku uga bisa tegesi minangka samubarang sing narik kawigaten, samubarang sing digoleki, samubarang sing nggawe ati seneng, uga bisa ditegesi samubarang sing apik lan becik. Nilai nduweni *konotasi positif*. Pancen bener yen nilai iku samubarang sing diamini. Miturut filsuf Jerman-Amerika, Hans Jonas, nilai ngemu teges "*the addressee of a yes*" (Bertens, 2011:149)

Sistem nilai kabudayan miturut Djamaris sajrone Tesis Suwarni (2008:33), kaperang dadi lima kategori gegayutane karo manungsa, yaiku: (1) nilai budaya sing nduweni sesambungan antara manungsa karo Gusti, (2) nilai budaya sing nduweni sesambungan antara manungsa karo alam, (3) nilai budaya sing nduweni sesambungan antara manungsa karo liyan, (4) nilai budaya sing nduweni sesambungan antara manungsa karo masyarakat, (5) nilai budaya sing nduweni sesambungan antara karo kaca benggala panguripane manungsa dhewe.

### Lelandhesane Teori

Kanggo ndhudhah serat Anglingdarma iki nggunakake teori filologi dening Barried (1994:2) minangka salah sawijine disiplin ilmu sing digawe nliti tulisan jaman biyen kanthi cara nilai-nilai luhur jaman biyen. Nilai-nilai ing jaman biyen minangka kebudayaan, utawa wujud pikiran lan pangrasane manungsa, mula iku filologi minangka disiplin ilmu sing isih gegayutan karo kabudayan jaman biyen.

Anggone nganalisis tema nggunakae teorine (Nurgiyantoro, 2005: 68) yaiku tema disaring saka motif-motif sajrone kasusastran sing bisa nemtokake kadadeyan-kadadeyan, konflik, lan kahanana tartamtu. Tema ora bisa dipisahake saka watek paraga, amarga tema kabangun saka wateke paraga. Wateke paraga bisa mbangun nilai-nilai sing kinandhut sajrone serat Anglingdarma iki, amarga paraga iku manungsa, manungsa nduweni pakulinan, lan pakulinan iki ndadekake kabudayan.

Nalikane nganalisis uga mbutuhake tapsiran yaiku teori hermeneutika sing nuduhake dening Ratna (2004: 45). Kasusastran perlu ditapsirake dening panliti jalaran nggunakake basa sing sumimpen utawa sengaja disimpen maknane. Metode iki nuduhake anane kemampuan kanggo napsirake samubarang sing ana utawa kadadeyan jaman biyen sing ora dialami, banjur digawa menyang jaman saiki.

Kanggo ngonceki nilai budaya ing *Serat Anglingdarma* nggunakake Djamaris sajrone Tesis Suwarni (2008:33) yaiku: (1) nilai budaya sing nduweni sesambungan antara manungsa karo Gusti, (2) nilai budaya sing nduweni sesambungan antara maungsa karo alam, (3) nilai budaya sing nduweni sesambungan antara manungsa karo liyan, (4) nilai budaya sing nduweni sesambungan antara manungsa karo masyarakat, (5) nilai budaya sing nduweni sesambungan antara karo kaca benggala panguripane manungsa dhewe.

## METODHE PANLITEN

### Ancangan Panliten

Ancangan panliten iki gegayutan karo sipat dhata sing arep didadekake objek panliten. Adhedhasar sipating dhata, panliten bisa dibedakake dadi rong perangan yaiku, panliten sing nggunakake metodhe kuantitatif lan panliten sing nggunakake metodhe deskriptif.

Panliten iki nggunakake metodhe diskriptif analitik. Metodhe diskriptif analitik mujudake sawenehing metodhe sing ditindakake kanthi cara ndeskripsikake kasunyatan-kasunyatan banjur diwenehi tintingan (Ratna, 2009:53). Kanthi tintingan diskriptif analitik, diajab panliten iki bisa menehi gambaran sing cetha lan objektif bab nilai-nilai budaya ing *Serat Anglingdarma*. Panliten kualitatif iki bakal dijlentrehake kanthi *hermeneutik*.

Panliten *Serat Anglingdarma* iki terbitan teks sing digunakake yaiku *edisi diplomatik* sing ditindakake kanthi cara naskah ditulis asline banjur dibenerake lan diwenehi komentar. Panliten iki bakal ana bab-bab sing ditindakake dening panulis ing antarane yaiku (1) naskah ditulis maneh kaya asline (saka aksara dadi tulisan latin), (2) kaluputan ing naskah dituduhake kanthi tandha sing cetha, (3) sawise dibenerake diwenehi panyaru (komentar) ngenani owah-owahane teks. Edhisi diplomatik iki digunakake dening panliti supaya pamaca bisa gampang mangerteni asil panliten iki.

### Sumber Dhata

Dhata yaiku objek sing bakal diteliti. Dhata sing dimaksud ing panliten iki yaiku samubarang sing ana ing naskah lan nduweni sesambungan marang bab nilai-nilai budaya. Dene naskah iki nduweni irah-irahan *Anglingdarma*. Naskah *Anglingdarma* ana 94 lembar, 188 halaman, kahanan naskah utuh lan isih apik. Wujude naskah yaiku arupa tembang. Durahkemat asmane sing nulis. Saka andharan kasebut, mula bisa didudut yen data kang utama sajrone panliten iki yaiku naskah *Serat Anglingdarma* lan sumber data ing panliten iki yaiku saka Dra. Suwarni, M. Pd minangka Dhosen Pendidikan Bahasa Jawa UNESA, Surabaya (koleksi pribadi).

### Teknik Ngumpulake Dhata

Teknik nyathet uga digunakake sajrone pangumpulane data. Teknik nyathet dilaksanakake kanthi maca *serat Anglingdarma* lan menehi tandha utawa cathethan tartamtu. Tahap-tahap sing digunakake sajrone ngumpulake dhata yaiku:

- Netepake *Serat Anglingdarma* anggitane Durahkemat minangka bahan sing dikaji.
- Panliti nranslit lan nyunting teks ing *Serat Anglingdarma*.
- Nugel kertas warna-warni 1x5cm kanggo menehi tandha saben pupuh.
- Panliti maca kabeh isine *Serat Anglingdarma* kanthi dibolan-baleni.
- Nyathet sakabehe data sing jumbuh, sing cundhuk karo sasaran lan tujuan panliten.
- Data ngenani nilai budaya dipilah-pilah antarane nilai budaya sing nduweni sesambungan antara manungsa karo Gusti, nilai budaya sing nduweni sesambungan antara maungsa karo alam, nilai budaya sing nduweni sesambungan antara manungsa karo liyan, nilai budaya sing nduweni sesambungan antara manungsa karo masyarakat, nilai budaya sing nduweni sesambungan antara karo kaca benggala panguripane manungsa dhewe.

### Teknik Pangolahan Dhata

Anggone tata pangolahan dhata nduweni tujuan supaya bisa ngasilake analisis sing runtut lan cundhuk karo tujuwane panliti. Adhedhasar andharan kasebut, panliti naskah *Anglingdarma* nggunakake filologi moderen mligine nggunakake edhisi diplomatik. Kajaba iku, anggone nganalisis isine *Serat Anglingdarma* nggunakake metode hermeneutika yaiku napsirake sakabehe sing ana sajrone naskah.

Tata cara nganalisis data ing panliten iki kanthi runtut bisa nuduhake kaya ing ngisor iki:

- Nuduhake wujud *serat Anglingdarma*.
- Nyunting *Serat Anglingdarma*, lan menehi komentar.
- Ngonceki nilai budaya sing kinandhut ing *serat Anglingdarma* kanthi cara analisis struktural.
- Menehi dudutan adhedhasar analisis sing wis ditindakake kanthi metode sing wis dipilih. Kagiyatan iki ngasilake lan nyuguhake dudutan saka sakabehe analisis kanthi basa sing gampang dimangerteni dening para pamaca lan masyarakat.

## ANDHARAN LAN ASIL PANLITEN

### Deskripsi Naskah

*Serat Anglingdarma* kawangun saka 94 lembar utawa 188 kaca sing ditulis wolak walik. Jumlah larik saben kaca yaiku 14 larik lan nduweni wujud tembang. Antarane kaca wiwitan lan kaca pungkasan nduweni ukuran sing beda. Kajaba iku, nduweni dawa 30 cm lan amba 19 cm. *Serat* iki awujud fotokopi, dadi kertas sing digunakake dening panulis ora bisa dimangerteni. Basa lan tulisane uga isih bisa diwaca kanthi cetha. Kanggo ganti pupuh ana loro nganti papat tanda pangajapa, yen ganti pada ana sak tanda pangajapa. Diserat nggunakake Aksara Jawa, wujud tulisane miring

nengen rapi. Saben seratan jarake 1 cm, yen saben aksara jarake 0,3 cm. Kaca kaping pisan lan kaping pindho utawa manggala iku kasusun saka 9 gatra. Kaca 3 nganti 188 ana 14 gatra.

### Irah-irahane Naskah

Irah-irahan minangka babagan sing paling wigati, amarga saka irah-irahan kita bisa mangerteni kepriye gegambaran isi naskah kanthi cara umum. Panggonane irah-irahan saben naskah deda-beda. kadhangkala manggon ing beyan ngarep sing diarani *manggala*. Kajaba iku uga ana ing mburi sing diarani *kolofon*. Naskah sing dianggo ing panliten iki nduweni katrangan ngenani irah irahane naskah ing kolofon. Panulis nyebutake utawa mbacutake tulisan *Anglingdarma*.

*wonten carita ingkang winarni  
anenggih negari sabrang  
ing melawa iku kekasihe  
ratu agung awibawa  
anenggih namanira  
Anglingdarma ya binagus  
ya linulutaning wanudya (I,10)*

Serat iki nyeritakake ngenani lelakone urip Prabu Anglingdarma. Nalika dadi Ratu nganti tekan disot dadi Maliwis Putih. Reronce lakon uripe ing naskah iki yaiku saka njemparing Nagagini, diwenehi Aji Gaib Siluman, garwane seda, disot karo para Dewa, urip karo para Raseksi, disot dadi Maliwis Putih, ketemu Demang Wisaya, lan pungkasane tresna marang Dewi Renggawati. Kabeh iku mau mbuktekake yen serat iki nduwe irah-irahan Anglingdarma.

### Ukurane Naskah

Ukuran naskah ing kene kalebu ing bab Deskripsi naskah. Semono uga sajrone naskah *serat Anglingdarma* iki nduweni ukuran kaya mangkene:

No.	Bab	Andharan
1.	Cacahe Kaca	Cacahe kaca ing <i>Serat Anglingdarma</i> ana 94 lembar, 188 kaca
2.	Ukurane kertas	30x19 cm
3.	Ukuran kaca tulisan ing manggala	12x11 cm Dhuwur : 4,5 cm Kiwa: 2 cm Tengen : 2 cm Ngisor : 3 cm
4.	Ukuran kaca 3 nganti 188	14x12 cm
5.	Jumlah laris saben kaca	14 larik

**Tabel 4.1 Ukuran Naskah**

### Kahanane Naskah

*Serat Anglingdarma* diserat nggunakake Aksara Jawa, wujud tulisane miring nengen rapi. *Serat Anglingdarma* iki awujud fotokopi, dadi kertas sing digunakake dening panulis ora bisa dimangerteni Saben seratan jarake 1 cm, yen saben aksara jarake 0,3 cm. Kaca kaping pisan lan kaping pindho utawa manggala iku kasusun saka 9 gatra. Kaca 3 nganti 188 ana 14 gatra. Kahanan tulisan naskah ing *Serat Anglingdarma* isih cetha lan bisa kawaca kanthi gamblang tanpa ana tulisan sing mblobor. Seratan sing kurang bisa diwaca yaiku ing kaca 188. Nanging, basa lan tulisane isih bisa diwaca kanthi cetha. Kanggo ganti pupuh ana loro nganti papat tanda pangajapa, yen ganti pada ana sak tanda pangajapa.

### Wektu Panulisane Naskah

Analisis wektu panulisane ora sepira ruwet amarga cetha banget wis kaserat ing pupuh kawiwitan. Wektu panulisan *Serat Anglingdarma* bajal nuduhake ing ngisor iki:

*dadkalane amiwiti nulis  
adinten slasa punika  
nuju pahing wau pasarane  
tanggalira sekawan likur punika  
anggeh kawula mipiya nurat  
wayah ira jam tiga dalu  
punika amiwiti nurat (I, 3)*

Wektu panyeratan *Serat Anglingdarma* ing pupuh I pada 3. Panyeratan ing dinane Slasa pahing, tanggal 24, wayah nyerat jam 3 wengi. Dina iku lan wektu iku panulis sing nduwe asma Durahkemat miwiti nulis serat Anglingdarma. Wektu panulisan iki kanggo mangerteni lan niteni kapan panulis nulis serat.

### Panyerat Naskah

Panyerat *Serat Anglingdarma* kasebut ana ing pupuh (I,5).

*wonten dining wau ingkang anulis  
durahkemat namanira  
ing pulung dawa wau dhusune  
kidul kilen kampunge punika  
majeng ngidul wisma nira  
bocah sang bebodhonipun  
tan aweruh udanagara (I,5)*

Kutipan ing ndhuwur nuduhake yen asmane panyerat naskah yaiku Durahkemat, ing dusun pulung dawa, kampunge idul kilen, ngadhep ngidul omahe. Panulis nyerat kanthi gamblang kapan wektu panyerate, dadi luwih gampang yen mangerteni. Panulis uga rendah hati nganti nyerat yen dheweke iku bocah bodho sing ora nduwe udanagara utawa tata krama nganti wani nyerat seratan iki.

### Wujude Naskah

*Serat Anglingdarma* iki awujud tembang macapat. Tembang macapat minangka lelagon utawa puisi Jawa anyar sing kaiket dening paugeran-paugeran tartamtu kayata guru gatra, guru wilangan lan guru lagu. Tembang macapat tegese lelagon utawa puisi anyar sing

diwaca papat-papat. Tembang macapat uga kaperang dadi sewelas yaiku *Mijil, Maskumambang, Sinom, Kinanthi, Durma, Asmarandana, Dhandhanggula, Gambuh, Pangkur, Megatruh, lan Pucung.*

No.	Tembang	Pupuh	Pada	Gatra
1.	Asmarandana	Pupuh I	40	280
		Pupuh VI	51	357
		Pupuh X	23	161
		Pupuh XVIII	47	329
		Pupuh XXI	10	70
2.	Mijil	Pupuh V	22	132
3.	Sinom	Pupuh II	19	171
		Pupuh IV	28	253
		Pupuh XIII	21	189
		Pupuh XIX	41	369
4.	Kinanthi	Pupuh VII	17	102
5.	Durma	Pupuh III	15	105
		Pupuh XI	25	175
		Pupuh XIV	10	70
6.	Dhandhanggula	Pupuh IX	59	590
		Pupuh XII	52	520
		Pupuh XVII	28	280
		Pupuh XX	32	320
7.	Pangkur	Pupuh VIII	23	161
		Pupuh XV	14	98
8.	Megatruh	Pupuh XVI	27	135

Tabel 4.2 Wujud Naskah

### Nilai-nilai budaya ing Serat Anglingdarma

Kabudayan ora mujudake bab sing homogen, wong Jawa eling yen ana maneka warna kabudayan sing asipat rasional, ing wewengkon Jawa Tengah lan Jawa Wetan. Masyarakat Jawa lan kabudayan masyarakat Jawa ora bisa pisah karo adat-istiadat, kapercayan kejawen, tata krama, lan golongan sosiale.

Sistem nilai sing nduweni sesambungan karo manungsa diperang dadi lima yaiku: (1) nilai budaya sing nduweni sesambungan antara manungsa karo Gusti, (2) nilai budaya sing nduweni sesambungan antara maungsa karo alam, (3) nilai budaya sing nduweni sesambungan antara manungsa karo liyan, (4) nilai budaya sing nduweni sesambungan antara manungsa karo masyarakat, (5) nilai budaya sing nduweni sesambungan antara karo kaca benggala panguripane manungsa dhewe. Mula, ing kene bakal nuduhake kanthi luwih amba ngenani bab-bab kasebut.

### Nilai budaya sing nduweni sesambungan antara manungsa karo Gusti.

Wujud nilai budaya sing nduweni sesambungan antara manungsa karo Gusti sing paling dhasar yaiku hakekat anane manungsa ing dunya iki. Budayane wong Jawa nganggep lan percaya yen agama iku samubarang sing jero banget biasane sinebut Gusti

Allah Inggang Maha Kuwasa. Para pawongan Jawa jaman biyen percaya anane samubarang sing nduweni sipat gaib. Konsep sing kompleks banget ing budayane wong Jawa yaiku ngenani sipate manungsa lan Gusti Allah, lan sawijine kasusastran tradisional sing luwih rowa nuduhake bab-bab sing mistik, lan mistis. Nilai-nilai budaya sing nduweni sesambungan antara manungsa karo Gusti yaiku percaya marang Gusti, pasrah marang takdir, Anane para Dewane, Sot para Dewa.

### Anane para Dewa

Nilai-nilai budaya sing nduweni sesambungan antara manungsa karo Gusti yaiku anane para Dewa. Miturut manungsa Jawa, Dewa iku minangka Gusti Kang Murbeng Dumadi. Kapercayan marang kosmologi lan esyatologi, yaiku percaya anane para Dewa sing nguwasai perangan-perangane alam. Para kaluwarga ing desa utawa ing kutha, umume bisa nuduhake manek warna Dewa., lengkap karo sipat lan tumindake. Kabeh iku mau bakal nuduhake kaya mangkene:

*apan iku dede paksi sayekti  
iku uga Guru Uma  
pan arupa paksi sejodho  
pan anyuba syang Anglingdarma  
iku uga Guru lan Uma  
syang Nata klangkunga getun  
myarsa ujaring swara (I, 36)*

Dhata ing ndhuwur nuduhake masyarakat Jawa sadurunge Islam mlebu ing tanah Jawa, ngormati lan ngajeni banget marang para Dewa. Masyarakat Jawa percaya yen Dewa iku ana ngendi-endi parane. Kayata nalikane Prabu liwat ing alas mangerteni ana sakjodho manuk sing lagi andom asmara. Manuk iku, ora liya Dewi Uma lan bathara Guru sing lagi nyamar dadi sakjodho manuk.

Masyarakat Jawa mangerteni anane Dewi Uma minangka garwane Bathara Guru saka carita-carita wayang. Para Dewa nduweni peran kanggo nulang lan nylametake para manungsa sing lagi ndandang kasengsaran. Ora mung nylametake ning uga bisa menehi sot. Kaya sing diwenehake para Syang Hyang bethara Guru marang Anglingdarma amarga dheweke manah pagsi sing lagi andom asmara.

### Nilai budaya sing nduweni sesambungan antara maungsa karo alam.

Wujud nilai budaya sing nduweni sesambungan antara manungsa karo alam yaiku nilai keseimbangan sing ana sesambungane karo manfaatake sumberdaya alam. Miturut manungsa Jawa, alam nduweni sipat spiritual, kadhangkala nduweni sipat sakral lan transeden. Kanggone wong Jawa, alam iki minangka lingkungan kanggo urip. Kapisan yaiku alam benda lan biologi sing bisa ditangkep karo pancaindriya, arupa kewan, tetuwuhan utawa wit-witan. Kapindho alam gaib spiritual minangka alam sanjabane pancaindriya, kayata jin-jin, setan, roh-roh, lan sapanunggalane. Dadi, alam bisa ditegesi kanthi amba karo manungsa Jawa, ora mung

kaiket dening fisik, nanging uga samubarang non fisik. Lingkungan melu mangun, menehi rupa lan swasana, minangka objek tuwuhe ide-de lan pola pamikire manungsa, kayata kekancan antarane manungsa karo kewan, manungsa karo buta lan raseksi, bisa ngrungokake swarane kewan, bisa ngomong karo kewan.

### Manungsa karo kewan

Salah sijine nilai budaya sing nduweni sesambungan antara manungsa karo alam yaiku bisa kekancan karo kewan. Nilai iki kalebu alam sing bisa ditangkep karo pancaindriya, kayata piranti lan biologi arupa kewan, tetuwuhan utawa wit-witan. Nalika jaman semana, manungsa isih bisa kekancan karo kewan. Kabeh iku bakal nuduhake kaya ing ngisor iki:

*kocapa ni Nagagini  
iku putrane sang Naga Pretula  
naga pretula awiyasa  
lan syang Raja Anglingdarma  
lan sampun manjing sudara  
sekelangkung nunggal kayun  
tan ana rasa rumongsa (I, 13)*

*ing ngateh sudara wedi  
marang Raja Anglingdarma  
naga pretula wastana  
nagagini anak ira  
nanging olah miruda  
aning saktengahe wana agung  
rewange pa sarpa tampar (I, 14)*

Dhata ing ndhuwur nuduhake yen manungsa bisa kekancan karo kewan. Naga Pretula wis nganggep Anglingdama dulur, malah ngluwahi dulur dhewe. Kekarone uga banget disayang dening para Dewa. Nalikane Naga Pretula arep mejahi Prabu Anglingdarma amarga dipitnah Nagagini, Para Dewa uga nulung kekarone supaya bisa rukun maneh. Sawise kekarone padha rukun, wis mangerteni sing bener lan kleru, Naga Pretula njaluk sepura. Pancen mung Anglingdarma dulur ing dunya lan ngakerat.

Adhedhasar sing wis nuduhake kaya ing ndhuwur, alame manungsa Jawa iku ora mung alam sing bisa urip bebarengan karo tetuwuhan, nanging uga urip bebarengan marang kewan sing awujud jim. Nilai budaya ing kene yaiku anane sesambungan sing raket antarane manungsa lan kewan nganti bisa ngomong lan ngrungokake swarane kewan. Andharan ing ndhuwur ngenani sesambungane manungsa karo alam nuduhake supaya manungsa bisa mangerteni sakabehe ing alam donya iki. Alam semesta iki asil ciptaane Tuhan. Alam semesta diciptakake supaya ana sesambungane antarane manungsa karo unsur-unsur panguripan ing alam donya.

### Nilai budaya sing nduweni sesambungan antara manungsa karo liyan.

Manungsa ora bakal uwal saka manungsa liyane amarga kalebu makhluk sosial. Sosiologi sastra asale saka tembung sosiologi lan sastra. Sosiologi asale saka basa Yunani sing kadhapuk saka rong tembung yaiku

*socius*, nduweni teges kanca/masyarakat, lan tembung *logos* sing ngemu tegese ilmu pengetahuan/pamikiran. Dadi sosiologi tegese ilmu pengetahuan kepriye awake dhewe urip kekancan, lan urip ing satengahe masyarakat.

Kantheni cara *institusional* objek sosiologi lan sastra yaiku manungsa sajrone masyarakat. Masyarakat yaiku pawongan sing urip bebarengan lan ngasilake kabudayan. Paedahe sosiologi sastra yaiku ningkatake kawruh tumrap sastra sing ana gegayutane karo liyan. Nilai budaya sing nduweni sesambungan antara manungsa karo liyan kayata ngugemi janji, balas budi, andhap asor marang manungsa liyane, kabeneran, paseduluran, dendam lan pitnah.

### Ngugemi Janji

Nilai budaya sing nduweni sesambungan antara manungsa karo liyan kayata ngugemi janji. Janji minangka utang sing kudu dibayar. Ngugemi janji yaiku salah sawijine sipat sing perlu diduweni dening saben pawongan. Aja nganti dadi wong sing seneng ngumbar janji. Supaya bisa dipercaya marang wong liya. Crita ing naskah iki minangka cerita sing bisa didadekake patuladan marang para manungsa Jawa jaman saiki. Ngugemi janji sing kaya kepriye bakal nuduhake ing ngisor iki:

*yata binisik ping tiga  
sampun kaduga syang aji  
kawula sampun kaduga  
saking brekat dika mangking  
naga pretula nulya yangling  
amung sira sedulur ingsun  
sukur marang ing bethara  
yen aji sampun kahesthi  
nanging puma wekas ingsun marang sira  
(IV, 23)*

*puma haja mamuruk sira  
ing kang anak kelawan rabi  
ingsun nora suka lila  
pana sira rasun upatani  
anglingdarma wot sari  
naga pretula pun wus mantuk  
hamarang ing kayanganira  
ya warnanen sang Anglingdarmi  
manjing pura ya lampaha sekedhap netra  
(IV, 24)*

Naga Pretula ngajak Prabu Anglingdarma menyang tengahe wana. Ing kana, Prabu Anglingdarma diwenehi aji Gaib Siluman. Aji Gaib Siluman yaiku Ajian sing bisa ngrungokake lan mangerteni basa apa sing urip, kayata swarane kewan. Sawise diwejang kaping telu, Prabu Anglingdarma langsung bisa nampa Aji Gaib Siluman kasebut. Prabu Anglingdarma diwejang Naga Pretula yen Aji gaib siluman kasebut ora oleh diwenehake sapa-sapa. Yen Ajian kasebut diwenehake, Prabu Anglingdarma bakal kena sot.

Manungsa Jawa uga ngugemi banget marang janji. Manungsa Jawa percaya yen janji iku kudu ditepati. Yen dilanggar bakal kena ketaman bebendu. Kahanan



sing kaya mangkene uga ditindadake dening sang Prabu. Nalikane Prabu diwenehi Ajian karo Naga Pretula, dheweke diwejang supaya ora menehake ajian kasebut menyang sapa . Salah siji sipate ksatriya yaiku ora bakal mblenjadi janji.

Manungsa kalebu mahluk sosial. Dadi, awake dhewe urip kekancan, lan urip ing satengahé masyarakat iku wigati banget. Nalika kekancan karo kancaliyane, mujudake sawijine tindak/tanduk lan pamikiran sing biasane ditindakake. Mula dadi budaya sing nduweni sesambungan karo kanca liyane. Budaya wong Jawa ing sabendinane yaiku saben pangucapan lan solah bawane kebak pasemon. pasemon iku kadhangkala nggawe pawongan liya rumangsa kesenggol atine. Sawise kesenggol atine, dheweke nduwe kepinginan kanggo mbales apa sing wis dirasakake.

### **Nilai budaya sing nduweni sesambungan antara manungsa karo masyarakat.**

Karya sastra yen dideleng saka intrinsik lan ekstrinsik, nduweni sesambungan karo masyarakat. Nilai budaya sing nduweni sesambungan antara manungsa karo masyarakat. Nilai budaya iki nduweni sesambungan karo masyarakat kanthi cara individu. Sosiologis karya sastra sing apik yaiku karya-karya sastra sing bisa makili, nuduhake masyarakat ing ngendi dheweke dilairake. Nganti para pamaca kaya-kaya lagi melu ngrasakake kahanan sing ana ing karya sastra kasebut.

Konflik kepentingan tambah ngrembaka sawise ana pawongan sing mlebu ing ranah sosial. Kayata nalikane Ki Demang bali menyang Keraton Bojanegara kanggo menehi pangadilan. Saliyane kepingin menehi pangadilan marang wong liya, Dheweke uga arep menehi pangadilan marang awake dhewe. Sawise mangerteni salah sawijine nilai sing nduwe sesambungan karo masyarakat, ing kene uga bakal nuduhake kanthi gamblang ngenani musyawarah, golek kabeneran, ngormati marang liyan, lan sistem kasta.

### **Musyawarah lan Golek Kabeneran**

Nilai budaya sing nduweni sesambungan antara manungsa karo masyarakat kayata musyawarah, golek kabeneran. Wis dadi adate ing masyarakat yen arep mutusake apa kudu dimusyawarahake luwih dhisik. Njaluk panemu marang wong-wong sing luwih dhuwur tingkatane supaya keputusan sing arep dijupuk bisa ditrima lan ditindakake bebarengan tanpa ana pangrasa sing nggrundel. Kabeh ora bisa mentingake panemune dhewe amarga durung mesthi panemu kasebut bisa ditampa dening pawongan liya. Kabeh mau bakal nuduhake ing ngisor iki:

*ni bermani aris majar  
wis aja sira rebut jurit  
karo duduk laki ningsun  
karone dadi wong liya  
paningsun juluka kabeneran marang syang  
ngaprabu  
marang ing Bujanegara  
tur kutha iku kang luwih adil (XV, 3)*

*sapa menang ing kang Nata  
iya iku lakiningsun sayegti  
apa karsane syang prabu  
Ratu ing Bujanegara  
sapa menang perNata laki ingsun  
lah payo rebute ning wang  
kelawan paduka rarih (XV, 4)*

Dhata ing ndhuwur nuduhake yen Ni bermani bakal njaluk pengadilan ing Bojanegara. Ni bermani sing mangerteni kahanan iki dadi bingung. Kekarone padha Padu, padha-padha segtine. Pungkasane Nyi Bermani misahake kekarone lan ngajak golek kabeneran ing Kerajaan Bojanegara. Wong telu iku budhal menyang Bojanegara. Saben dalan kekarone padha padu maneh. Dheweke nganti kesel ngelingake lan misah kekarone. Wong telu iku wis tekan Bojanegara ing alun-alun. Wong telu iku padha lungguh ing wit wringin kembar.

Nyi bermani iku kalebu pawongan utawa masyarakat sing nduwe kasta paling isor dhewe. Uripe ing alas lan uga mlarat banget. Nanging Nyi Bermani isih nduwe budayane wong Jawa. Nalikane dheweke nduwe masalah sing gedhe lan ora bisa ngrampungake kanthi becik, dheweke ora lali yen nduwe Gusti Ratu Adil ing donya sing ora liya yaiku Rajane. Nyi bermani isih ngormati lan ngajeni Ratune kanthi cara njaluk pangadilan marang masalah sing lagi nandang kaluwargane. Dheweke nduwe keyakinan yen budhal menyang Bojanegara bakal oleh pangadilan. Dheweke yakin karo Ratune ing Bojanegara yen bakal menehi pangadilan sing adil marang kaluwargane.

### **Nilai budaya sing nduweni sesambungan antara karo kaca benggala panguripane dhewe.**

Nilai budaya sing nduweni sesambungan antara karo kaca benggala panguripane manungsa dhewe, kayata nalikane ngadhapi konflik ing panguripane. Sastra ora bakal uwal saka panguripane masyarakat. Mula saka iku, karya sastra sing ana uga nuduhake perkara panguripane manungsa. Panguripane manungsa sing nuduhake ing karya sastra, mbuktèkake yen karya sastra bisa dadi refleksi saka kanyatan, lan sabanjure dadi gegambarane masyarakat ngenani kanyatan, lan kahanan ing sakiwa tengene.

Gegayutan saka andharan iku mau, bisa kawawas yen masyarakat nindakake kagiyatan ing panguripane, lan bisa ngasilake kabudayan utawa tradhisi tumrap lingkungan utawa sakiwa tengene. Manungsa tansah ngimpekake kahanan lan panguripan kang luwih becik apa dene sampurna. Perkara iki kang njalari kabudayane manungsa tansah ngrembaka saben wektu. Nilai budaya sing selaras karo kacabanggalane awake dhewe ing Serat Anglingdarma iki kayata nduweni kasekten, rumangsa getun, jujur, adil lan wicaksana.

### **Nduweni kasekten**

Nilai budaya sing nduweni sesambungan antara karo kaca benggala panguripane manungsa dhewe, kayata nalikane ngadhapi konflik ing panguripane. Saben

nadi lan pamikire manungsa Jawa ora bakal luput saka kasekten. Kasekten ing carita iki yaiku kasekten sing di nduweni pawongan tartamtu. Kabeh mau bakal nuduhake ing ngisor iki:

*pana ngucap Naga Pretula  
wusa manjing bangsal pengrawit  
amikir sakjruning nala  
kapriye geningsun namejahi  
ya marang sri nora pati  
paningsun ageng kelangkung  
yen ingsun malebuwa  
sesekan bangsal pengrawit  
sun malinga yening suka malih warna (IV, 6)*

*pana sampun ange warna  
dadi sarpa tali wingit  
wau sang naga pratula  
wus samanjing bangsal pengrawit  
pana susup soring guling  
anglembut tanuna weruh  
langkung ningdhing kuwasa  
arsa mejahi ngaji  
arsa nahut kecubaning hyang sugma (IV, 7)*

Dhata ing ndhuwur nuduhake yen Naga Pretula nduwe kasekten yaiku isa malih warna. Sang Naga wis tekan ngarepe bangsal pengrawit, dheweke bingung kepriye carane mblebu menyang bangsal pengrawit amarga nduwe awak sing gedhi banget. Pungkasane Naga Pretula ngubah wujud dadi ula tali. dheweke singidan ana ing isore bantal. Yen prabu Anglingdarma turu, bakal dicakot Naga Pretula. Nanging sadurunge Naga Pretula nyokot Prabu, Dewa menahi gegambaran marang dheweke. Sawise mangerteni sing satemene, dheweke ora sida mejahi Prabu.

Kasekten ing carita iki uga ana ing alam donya sing satemene. Masyarakat Jawa percaya marang samubarang sing kaya mangkene. Salah sijine kasekten sing nuduhake ing carita iki yaiku bisa malih warna, menda-menda. Kasekten iki nduweni paedah kanggo golek kabeneran, golek kahanan sing satemene. Kaya maneka kutipan ing ndhuwur, kayata nalika Naga Pretula arep mejahi Prabu, sawise mangerteni kahanan sing satenane dadi ora sida mejahi Prabu. Kaping pindho nalikane Prabu ditinggal para Garwane saben tengah wengi. Prabu bisa mbuktekake sapa sejatine para garwane, lan apa sing ditindakake saben tengah wengi. Masyarakat Jawa nggunakake kasekten kanggo golek kabeneran.

## PANUTUP

### Dudutan

Serat Anglingdarma minangka karya sastra. Karya sastra yaiku seni sastra sing kalebu tapak tilas arupa tulisan, tapak patilasan lan uga bisa dimangerteni lumantar basa. mula, serat iki kalebu sastra, amarga cerita rakyat sing awujud buku utawa tulisan lan ora cerita langsung saka narasumber. Warta asile budaya jaman biyen sing ana ing naskah lama bisa diwaca kanthi media tulisan arupa naskah. Karya sastra Nusantara sing

sumipen ing naskah minangka pamikiran para leluhur. Serat Anglingdarma iki kaya-kaya serat Pesisiran.

Asil saka deskripsi saka teks iki yaiku *Serat Anglingdarma* kawangun saka 94 lembar utawa 188 kaca sing ditulis wolak walik. Jumlah larik saben kaca yaiku 14 larik. Kajaba iku, nduweni dawa 30 cm lan amba 19 cm. Panyeratan ing dinane Slasa pahing, tanggal 24, wayah nyerat jam 3 wengi ing pupuh I pada 3. Dina iku lan wektu iku panulis sing nduwe asma Durrahkemat miwiti nulis *serat Anglingdarma*. Uga kawangun saka 21 pupuh, 604 pada lan 4866 gatra. Sawise diteliti, tembang Asmarandana kapacak minangka pambuka lan panutupe. Tembang Asmarandana ana ing pupuh I, VI, X, XVII, XXI. Mijil ing pupuh V. Sinom ing pupuh II, IV, XIII, XIX. Kinanthi ing pupuh VII. Durma ing pupuh III, XI, XIV. Dhandhanggula ing pupuh IX, XII, XVII, XX. Pangkur ing pupuh VIII, XV. Megatruh ing pupuh XVI.

Suntingan teks ing panliten iki mung nggunakake 2 pada saka 21 pada lan jumlah tembung sing disunting ana 44 tembung. Akeh banget aksara sing luput ing *Serat Anglingdarma*. Ing Pupuh I Asmarandana sing kawangun saka 40 pada, 280 gatra nduweni 35 kaluputan. Sawise iku ing Pupuh III Durma kawangun saka 15 pada, 105 gatra namung nduweni 9 kaluputan.

Sistem keyakinan masyarakat Jawa ngandhut konsep ngenani samubarang iku nduweni sesambungan antara siji lan sijine. Analisis struktur Serat Anglingdarma nekanake marang nilai-nilai budaya sing nduweni gayutan karo manungsa yaiku (1) nilai budaya sing nduweni sesambungan antara manungsa karo Gusti, (2) nilai budaya sing nduweni sesambungan antara manungsa karo alam, (3) nilai budaya sing nduweni sesambungan antara manungsa karo liyan, (4) nilai budaya sing nduweni sesambungan antara manungsa karo masyarakat, (5) nilai budaya sing nduweni sesambungan antara karo kaca bengala panguripane manungsa dhewe.

Wujud nilai budaya sing nduweni sesambungan antara manungsa karo Gusti sing paling dhasar yaiku hakekat anane manungsa ing dunya iki. Nilai-nilai budaya sing nduweni sesambungan antara manungsa karo Gusti yaiku percaya marang Gusti, pasrah marang takdir, Percaya anane Dewane, Sot para Dewa. Wujud nilai budaya sing nduweni sesambungan antara manungsa karo alam yaiku nilai keseimbangan sing ana sesambungane karo manfaatake sumberdaya alam. Lingkungan melu mangun, menahi rupa lan swasana, minangka objek tuwuhe ide-de lan pola pamikire manungsa, kayata kekancan antarane manungsa karo kewan, manungsa karo buta lan raseksi, bisa ngrungokake swarane kewan, bisa ngomong karo kewan.

Masyarakat kalebu objek sing wigati, amarga masyarakat ora bisa dipisahake dening panguripan sosial lan budayane. Sesambungane antara manungsa lan masyarakat kabukti ing serat iki. Pawongan Jawa uga ngecakake yen dheweke urip bakal direwangi dening manungsa liya kaya masyarakat. Saka kahanan sing kaya mangkono ndadekake anane simbol simbol kabudayan Jawa. Nilai budaya sing nduweni sesambungan antara manungsa karo liyan kayata ngugemi lan nepati janji, balas budi, andhap asor marang manungsa liyane, kabeneran, paseduluran, dendam lan pitnah. Nilai budaya

sing nduweni sesambungan antara manungsa karo masyarakat. Nilai budaya iki nduweni sesambungan karo masyarakat kanthi cara individu. Nilai budaya sing nduweni sesambungan antara manungsa karo masyarakat kayata musyawarah, golek kabeneran, ngormati marang liyan, sistem kasta. Nilai budaya sing nduweni sesambungan antara karo kaca bengala panguripane manungsa dhewe, kayata nalikane ngadhepi konflik ing panguripane. Nilai budaya iki kayata nduweni kasekten, rumangsa getun, katresnan, jujur, nepati janji.

### Saran

Pangrembakane ilmu pengetahuan lan teknologi sarta kabudayan modern, ndadekake musprane sastra dhaerah. Sastra Dhaerah minangka perangan budaya sing kudune diuri-uri lan dilestarekake. Mula saka iku, perlu anane usaha nyalemtake sastra dhaerah. Usaha kanggo nguri-uri karya sastra daerah banget wigati tumrap masyarakat lan pamarentah Indonesia. Pamikiran sing cupet ngenani sastra dhaerah kudune diilangi. Mula saka iku, para nom-noman saiki kudu luwih sregep nyinaoni basa lan sastra dhaerah mligine sastra Jawa amarga nduweni nilai budaya supaya bisa mangun *karakteristik bangsa*.

### KAPUSTAKAN

- Atmojo, S. Prawiro. 1987. *Bausastra Jawa Cap-capan Kaping I*. Surabaya: Yayasan “Djoyo Bojo”
- \_\_\_\_\_. 1987. *Bausastra Jawa Cap-capan Kaping II*. Surabaya: Yayasan “Djoyo Bojo”
- Baried, Siti Baroroh. 1994. *Pengantar Teori Filologi*. Yogyakarta: Universitas Gajah Mada.
- \_\_\_\_\_. 1985. *Pengantar teori Filologi*. Jakarta: Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa DepDikBud.
- Balai Bahasa Yogyakarta, Tim. 2011. *Kamus Basa Jawa (Bausastra Jawa)*. Yogyakarta: Penerbit Kanisius.
- Bertens, K. 2011. *Etika*. Jakarta: PT Gramedia Pustaka Utama.
- Damono, Sapardi Djoko. 1978. *Sosiologi Sastra Sebuah Pengantar Ringkas*. Jakarta: Pusat Pembinaan & Pengembangan Bahasa Depdikbud.
- Darminto, dkk. 2010. *Kamus Besar Bausastra Jawa*. Surakarta: penerbit Kharisma
- Djamaris, Edward. 1997. *“Filologi dan Cara Kerja Penelitian Filologi” Dalam Bahasa dan Sastra III*. Jakarta Pusat Pembinaan dan Pengembangan Bahasa.

- Endraswara, Suwardi. 2010. *Metodologi Penelitian Sastra*. Yogyakarta: Media Presindo.
- \_\_\_\_\_. 2010. *Falsafah Hidup Jawa*. Yogyakarta: Cakrawala.
- Faruk, Hk. 2010. *Pengantar Sosiologi Sastra*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Hadiwijana. 1967. *Tata Sastra*. Jogjakarta: UP. Indonesia.
- Koentjaraningrat. 2009. *Pengantar Ilmu Antropologi*. Jakarta: PT Rineka Cipta.
- Luxembrug, Jan van. dkk. 1984. *Pengantar Ilmu Sastra*. Jakarta: Gramedia Pustaka Utama.
- Moeloeng, Lexy. 2000. *Metodhe Penelitian*. Jakarta: Rineka Cipta.
- Padmosoekotjo, S. 1953. *Ngrengrengan Kasusastran Jawa I*. Yogyakarta: Gadjah Mada University Press.
- Purnomo, S, Bambang. 1990. *Buku Materi Pokok Kasusastran Jawa Pesisiran “Sebuah Fenomena Kebudayaan”*. Surabaya: Jurusan Pendidikan Sastra dan Daerah IKIP Surabaya.
- \_\_\_\_\_. 2007. *Filologi dan Studi Sastra Lama*. Surabaya: University Press Surabaya.
- Pratiwi, Oktarina Dwi. 2014. *Nilai Moral sajrone Cita Rakyat Bojonegoro Prabu Anglingdarma kang Wicaksana Anggitane Suharmono K*. Skripsi (tidak dipublikasikan). Surabaya: Universitas Negeri Surabaya.
- Ratna, Nyoman Kutha. 2009. *Paradigma Sosiologi Sastra*. Pustaka Pelajar: Yogyakarta.
- \_\_\_\_\_. 2010. *Teori, Metode, dan Teknik Penelitian Sastra*. Pustaka Pelajar: Yogyakarta.
- \_\_\_\_\_. 2011. *Etika Sastra dan Budaya*. Yogyakarta: Pustaka Pelajar.
- Rimawati, Ely. 2011. *Nilai Budaya ing Babad Pacitan Anggitane Ganda Wardaja*. Skripsi (tidak dipublikasikan). Surabaya: Universitas Negeri Surabaya.
- Sukarman. 2005. *Pengantar Kebudayaan Jawa*. Surabaya: Bintang Surabaya Anggota IKAPI.
- Saryono, Djoko. 2011. *Sosok Nilai Budaya Jawa Rekonstruksi Normatif Idealis*. Yogyakarta: AM Publishing.

Sudarayanto. 1993. *Metode dan Aneka Teknik Analisa Bahasa*. Yogyakarta: Duta Wacana University Press.


SJ, Bakker J.W.M. 1984. *Filsafat Kebudayaan, Sebuah Pengantar*. Jakarta: Penerbit Kanisius.

Suwarni. 2009. *Pengantar Studi Sastra Jawa Kuna*. Surabaya: Bintang Surabaya.

\_\_\_\_\_. 2008. *Naskah Cariyos Sri Sadana Kajian Struktur dan Sosiokultural*. Thesis (tidak dipublikasikan). Surabaya: Universitas Negeri Surabaya.

Teeuw, A. 1984. *Sastra & Ilmu Sastra: Pengantar Teori Sastra*. Jakarta: Gramedia.

Yana. 2010. *Falsafah dan Pandangan Hidup Orang Jawa*. Yogyakarta: Absolut.



UNESA

Universitas Negeri Surabaya